Nomer 22 | Salasa 24 November 1925 (6 Djoemadilawal 1344) | Taoen ka 2

Pembantoe sareng agen:
Priangan koelon
M. Sahari - Bogor

Priangan tengah
H. B. Pasoendan
Bandoeng

# SIPATAHOENAN

Soerat Kabar Minggoean dikaloearkeun koe Tjabang Pasoendan Tasikmalaja.

Ditjitak di Soekapoera drukkerij Tasikmalaja.

Pembantoe sareng agen:
Priangan wetan
M. G. Kartaatmadja.
Tjiamis.

Djawa wetan:
Bestuur Tjabang
Pasoendan.
Soerabaja.

LANGGANAN.
3 sasih . . . . f 1,50
Dibajar ti pajoen. Salambar 15 sen.

Redactie:
Heerenstraat 31.
Administratie:
Stationsweg 33 Tasikmalaja.

Redaktoer:
SOETISNA SENDJAJA ATMAWINATA
Redaktoer di Batawi
SOERIADIRADJA.

Directie:
Bestuur Pasoendan Tasikmalaja
Administrateur:
K. MARTAKOESOEMA.



Pangaos ADVERTENTIE:
1/16 katja f 2,— } Sakali moeat.
1/32 „ f 1,25 }
Langganan langkoeng mirah.


## Kadaharan oerang P. Djawa djeung Madoera.

Toeloelna.

Pek sisi-sisi Tjilaki atawa deukeutna geus disewakeun, malah tjarek bedja dina koran mah, rea tanah anoe teu disewa teu naon oedjoeg-oedjoeg dikebonan bae koe noe njewa teh bakating koe teu njaho (tara ditalingakeun.)

Pek deui ngised ka lebah pakidoelan Garoet, lebah Tjisompet, eta oge geus ratoesan baoe koe kontrakan.

Malah Tasikmalaja oge di lebah district Karangnoenggal, lain saeutik tanah anoe koe kontrakan, ngan mendingan keneh bae djeung bawahan sedjen.

Toeloej ngawas-ngawas ka lebah bawahan Tjirebon anoe geus disawahan, di dieu mah, aja koe ajana sawah teh, teu koe tjaah, koe halodo, teu koe noe doea, diolo koe pabrik tiwoe, estoe teu kaoer boeloean teh saenjana.

Mengkol ka lebah bawahan Batawi, sok keun bae koe ngaranna diganti, Soenda kalapa atawa Djaketra diganti koe Batawi djeung Mester Weltevreden mah, sawahna teh, bangsa bawahan Tjirebon bae, gegedena nja eta katjokel (kapoerba) koe tanah partikoelir katambah-tambah panggilingan pare oge lebah dinja kapan aja di tangan deungeun.

Kakara ajeuna di Karawang aja irrigatie (Tjitaroem digoenakeun tjaina). Goeligah hate oerang jen bangsa oerang bisa angger meunangna pare, bisa tengtrem enggoning balangsiar, oelah dipake awoentah atawa kapaksa koe kakeueum doeit renten, tapi geus ngeng bedja jen rek dimeunangkeun aja pabriek tiwoe.

Boa, oepama kitoe, salalakon tjara di Djawa kasilih koe pabrik, dahar dirahab koe peuntas, priboemi ngan kari daki.

Keur naon dibeulian deui tanah partikoelir teh ari rek dipake kebon tiwoe mah?

Sanadjan **koedoena**, noe boga wadjib, tapi koe djudina oerang koedoe nganoehoenkeun, jen Tji Oedjoeng geus diseungkal dipake njaian sawah nepi ka ngadak-ngadak boga sawah anoe angger tjaina nepi ka 3000 baoe, kalawan make ongkos joeta-joeta.

Koe kieuna tangtoe oerang Banten beulah kaler djadi tengtrem da boga kedjoeun, soegan moal kapaksa pindah ka Lampoeng atawa tempat sedjen.

Geuning sanggeus meunang tjai angger mah tanah di dinja oedjoeg oedjoeg naek bae hargana.

Tjihea (Tjirandjang tea) beak sabaraha joeta Pamarentah ngongkosanana, soepaja nepi ka beunang disawahan sarta beunang ditjitjingan.

Djaba ti eta, Tjisangkoej geus disimpangkeun tjaina ka bawahan district Soreang djeung Tjililin, ajeuna geus aja reboe-reboe baoe, anoe meunang angger tjai, nepi ka majarna padjeg oge angger.

Tah ieu sababna noe matak ngitoeng legana sawah di P Djawa dina Sip. No. 20 didjedjegkeun 4 joeta baoe teh.

Koe nambahan 100 reboe baoe mah anoe eukeur dipigawe atjan djedjeg 4 joeta.

Masih moen noe ditoeliskeun dina verslag teh woengkoel sawah anoe meunang tjai angger, rereana kapan sawah tadah hoedjan atawa goeloedoeg oge diasoepkeun bae miloe kabilang.

**Aja samboenganana.**

## Ngarah amba.

Henteu oenggal robahan matak djadi kagenahan.

Aja verandering djadi verlichtering; aja verandering matak ngondang verbittering (toegenah).

Djol gemeentekiesrecht (hak milih lid lid gemeente).

Diobah? . . . . Poegoeh!

Ngan **koemaha** ngobahna?

Aja hadena, kitoe deui aja gorengna.

Hadena: **Saperkara** censussysteem (make wates wangen noe pangasilanana saboelan f 50) dileungitkeun. Diganti koe sing saha noe majar padjeg bae. Aloes!

**Kadoea perkara** koe atoeran anjar henteu dikoekoehan noe bisa basa Walanda bae noe boga hak milih teh, tapi ajeuna mah sing saha noe bisa matja djeung noelis oge tjoekoep pi keun meunang hak milih. Keur waktoe ieu mah sakieu oge tjoekoep!

Ari aloesna pisan mah poegoeh oge oenggal noe majar padjeg, koedoe bisa miloe milih.

**Katiloe perkara** oemoer noe bareto watesna 23 taoen ajeuna diobah djadi 21 taoen. Oge aanvaardbaar, nadjan loba noe oemoer 18, 19 taoen geus malajar padjeg.

**Kaopat perkara**: istri oge dibere ajeuna mah make milih.

Tepi ka dieu ieuh, mokaha oge robahan teh, sabab lobana noe boga hak milih nambahanana lain saeutik-eutik, Loba noe kapaksa miloe tjampoer baoer kana perkara keur sarerea. Kapaksa diadjar.

Ngaaan orokaja . . . Nja eta atoeh, bet asa si Kabajan: Si Kabajan koekoeloetoes ka bapana, kedah djadjan ari bareto sabenggol sapoë, ajeuna 5 sen. Madjar teh „teu poegoeh bapa mah, bareto sabenggol meunang samangkok, soto, ajeuna 5 sen . . . . . samangkok keneh!

Naon sababna!

Poetoesan-poetoesan noe didjalankeun koe gemeente, noeroetkeun koemaha lobana stem (sowara).

Lamoen hajang meunang atoeran anoe sakira-kira rada ngeunah ka oerang, oerang, koedoe boga sowara loba. Koemaha lobana sowara moen oerang teu boga wakil anoe loba. Wakil teh saroea djeung tarompet, lawang sora oerang.

Teu perdoeli bodas, teu perdoeli hideung, sok moen disada njorakeun sora oerang Walanda, Tiong Hoa teu naon-naon asal . . . . oelah siloeng.

Tapi koemaha koe robahan gemeente kiesrecht, nambahan sora terang?

Lapoeoeoeoerrrr! . . . . Teu sasiki siki atjan! Enja dilobaan noe boga hak milih, tapi noe dipilihna **teu dilobaan**. Noe matak tadi ge samangkok keneh-samangkok keneh. Tjeuk koering mah mending angger pameulina, asal loba noe dibeulina.

Aja deui!

Ajeuna mah milih teh sabangsana-sabangsana.

Walanda milih wakil Walanda.

Tiong Hoa, nja bangsa Tiong Hoa.

Oerang pon kitoe keneh, ngan milih bangsa oerang woengkoel.

Toeh djol deui bae, beungbeurat teh!

Sama sakali oerang teu bisa boga invloed kana lid-lid lain bangsa. Nadjan oerang hajang milih toean A oge, doemeh kadeuleuna rada hade ka oerang, ih lapoer . . . . teu pipiloeeun.

Enja narimoean. Abong-abong palalinter! Dipoeter-poeter, nepi ka . . . lieur.

Siga enja, balabah, berehan, Bro saboboko!

Ari diboeka . . . . . . „baoe bioek" tjeuk oerang Koeningan mah.

Ngarah bilangan, ngarah amba. Siga!

Gemeente kiesrecht noe diadjar koe Pamarentah saroea djeung gobang: noe gilap, noe aloes. Tapi mintoel. Dipake nodjos hamo, dikadekkeun weleh!

Ongevaarlijk. Teu matak tjilaka.

Tjotjooan boedak . . . . . en verder niets!

Rarasaan kolot, tapi boedak keneh-boedak keneh.

Treurig

## Pagoejoeban Pasoendan.

„BEWARA"

Kahatoer.

Kasadaja para Djoeragan Afdeeling Bestuur.

Correspondenten sareng leden Pasoendan.

Di.

Bandoeng.
Tjiandjoer.
Soemedang.
Tjiparaj.
Soekaboemi.
Bogor.
Batawi.
Poerwakarta.
Pamanoekan.
Garoet.
Tasikmalaja.
Tjiamis.
Parigi.
Djokjakarta.
Soerabaja.
sareng djabi ti eta.

Kalajan hormat.

Hatoer tingali rehing engke dina sasih December 1925 Pagoejoeban Pasoendan bade ngadamel Congres loear biasa tempatna di Tasikmalaja nja eta:

I. 24 December 1925 (wengi Djoemaah) ngawitan taboeh 8 sonten, besloten vergadering.

II. 25 December 1925 (dinten Djoemaah) ngawitan taboen 8 endjing openbare vergadering.

III. 25 December 1925 (wengi Saptoe) ngawitan taboeh 8 sonten, openbare vergadering.

IV. 26 December 1925 (dinten Saptoe sareng wengi Minggoe) dihatoeran ngaloeoeban pestana H. I. S. Pasoendan Tasikmalaja. *

Sanget panoehoen, moegi para Djoeragan kersa ngemoetkeun kana kaperloean anoe sakieu poharana.

Sadajana tjabang moegi kersa enggal ngadamel vergadering.

H. B. ngadjeng ngadjeng pisan kana:

a. Saniskanten voorstel pikeun ka-Congres tea.

b, Verslag vergadering anoe njarioskeun perkawis voorstel-voorstel tea.

c. Serat katangtosan anoe nerangkeun saha anoe baris djadi oetoesan.

Anoe djadi oetoesan kedah njandak machtiging (soerat kawasa) ti Bestuur tjabang, oepami aja oetoesan ti salah sawios tjabang henteu njandak machtiging, henteu dianggap djadi oetoesanana. Saniskanten voorstel disoenhoenkeun soepaos katampi koe H. B. pang elatna seep sasih ieu (November 1925).

Oepami aja noe ngintoenkeun voorstel ngalangkoeng ti sasih ieu, eta voorstel moal dianggap.

Djabi ti eta, sanis kanten voorstel satiasa siasa kedah tjekap keteranganana.

Koe margi eta, sanget panoehoen H. B. ieu bewara moegi diaremoetkeun pisan.

Hoofd. Bestuur

*) Sareng saladjengna aja „Pasar malem" lamina 9 dinten anoe kekenginganana pikeun kaperloean H. I. S. Pasoendan Tasikmalaja.

## Saratna enggal merdika.

Moal aja djelemana, tjeuk rarasaan sim koering, anoe henteu hajang merdika. Ti Boepati dongkap ka tjatjah. Moeng bae benten-benten ngedalkeunana eta kahajang, sanes-sanes ngilari djalanna, teu sami netepkeun waktosna bakal pikengingeun kamerdikaan. Ari bentenna ngedalkeun tjita-tjita merdika mah ter gantoeng kana seueur atanapi saeutikna panghalang kana dirina. Sareng aja oge anoe kenging kamoeijaan dina waktos ajeuna, waktos teu merdika. Tah anoe kitoe tjita-tjitana teh kalimpoedan, henteu ari moesna pisan mah, asa moestahil dina atina henteu aja kahajang kana kamerdikaan, moeng bae koe materialismena sorangan, dina kahajangna teh katambahan koe hajang **moelja keneh** bae nadjan oerang parantos oetjoel ti batoer.

Geura mangga djoegdjoegan manahna saha bae: moal aja hidji djelema anoe wantoeneun njarios, jen kaajaan anoe ajeuna koedoe langgeng; bangsa oerang, langgeng dina ngawoela. Asa moestahil!

Apan anoe eukeur marentah oerang oge oeningaeun dina hate sanoebari oerang tina hal eta. Djalanna Pamarentah maparin kamerdikaan teh koe „rijp maken", koe diasakkeun heula, koe djalan Volksraad, Proviale-sareng Regentschapsraden. Tangtos pisan seueur anoe kirang (henteu) moepakat, dalah sim koering oge henteu atjan tereh nanging oepami diemoet-emoet naha djalan anoe mana anoe tiasa ditjotjogan (dirempagan), dikaresep koe sadaja.

Moal aja!! Naon margina?

Teu aja sanes moeng lantaran oerang teh manoesia, anoe pada gadoeh kahajang karesep, katresna, kaugewa, kaidjid.

Apan oenggal djelema pada hajang gadoeh rorompok; nanging tjobi tingali bangoenna parentahna, memetana imah benten-benteu.

Moeng bae kedah aja ari sarat-saratna tiasa ngadamel imah mah, lahanna, kaina sareng sadjabi ti eta.

Eta dina hal kamerdikaan njakitoe bae, ari sarat-saratna mah kedah pada gadoeh, pada sajagi pikeun dina emprona.

Hidji sarat pikeun kamerdikaan teh economische weerbaarheid.

Njaeta dina palebah roemah-tangga (boh keur safamilie, boh keur sakampoeng, sadesa, sadistrict) oerang kedah tiasa djalan sorangan, teu kedah ngantosan panoeloeng batoer, oelah tergantoeng ka noe lian, teu kenging boetoeh koe panoeloeng oerang loear.

Ieu teh pikeun oerang perkawis anoe sesah pisan, margi bangsa Boemipoetra parantos tetela kirang lebah dinja energiena (kadaekna).

Naha eta kitoena teh ti tadina atanapi saparantosna diparentah deungeun? Doeka, nanging kaajaanana kitoe; komo di basisir kaler rajat teh pohara katjekelna koe anoe ngoembara. Oepami ditaloengtik anoe leres, manawi moal aja 25% anoe sajaktosna merdika ditanahna, diimahna sorangan. Seuseueurna kaoered koe zegel, koe contract, koe accept, koe . . . . , koe . . . . ; pirang-pirang pisan.

Palalinter pisan oerang asing enggoning nalian ka bangsa oerang, talina soetra dibeulitkeunana teu karaos; terang-terang ana parantos teu tiasa obah bae, tjara lantjah naheunan reungit atawa laleur. Henteu ari dipaehan pisan mah, nanging nja digoloug, digawekeun, ngan dibere ngaranna bae boga hak kana tanahna teh. Tah koemaha tiasana ngoedag kamerdikaan pikeun sabangsa, sanagara, lamoen oerangna di tanah oerang. di sawah oerang, di imah oerang geus teu merdika, geus teu kaloeasa.

Djadi saratna oerang koedoe ngamimitian ti ajeuna ichtiar soepaja merdika di imah oerang, dina tanah oerang, di lemboer oerang.

Tahan datangna semah ti Hadralmaot atawa Hongkong, Macau, Sjanghai. Oge ti noe leuwih djaraoeh oelah pati dihadean.

Dimana parantos merdika dina palebah roemah tangga salemboer, sadesa oenggahna kana ajana nijverheid diimah, dilemboer dongkap ka industrie,

Ieu djalan lami, nanging oepami teu diawitan beuki djaoeh pisan bae piajaeunana industrie, anoe djadi sarat kamerdikan.

Tina hal landbouw, nadjan teu atjan wetenschappelijk didjalalankeunana oerang kenging disebat teu koedoe ngadagoan panoeloeng batoer.

Ngan tina industrie producten pohara oerang koedoe njalindoengna. Nepi ka anoe dipake sapopoë koedoe dipangnjieunkeun batoer, hajang lawon, piring-tjangkir, sendok-garpoeh, saboen, kantjing, kadjaroem-djaroem. Katjida matak nalangsana, soewonten weelde-artikelen: sapertos soeroetoe (sakitoe bakona ti oerang) sigaret, minjak seungit, kareta mesin enz. enz.

Minjak tanah ti tanah oerang, diolahkeun di tanah oerang, nja di tangan batoer.

Parantos bae, ah, matak maehan napsoe kana digawe keur bangsa.

Toekang ngalamoen
A. S.

## Oear pangadjak ka para mitra di Pasoendan.

Sareng hormat

Geterna djaman matak ngobahkeun sanoebarina soegri para mitra di Pasoendan.

Noe ningali ti kaanggangan sok ngabibisani, njatjampah padjahkeun gampang, padahal noe keur majoenan papan tjatoer mah estoening dirioeng koe bingoeng, diaping karisi, obah saoetak-saeutik inggis ngadjoempalik, sisip boedi, toena pangahisa, toetoeg pangaweroeh, wantoening njanghareupan toekang tjatoer noe geus djetoe, kontjara saboeana. oenggal oesik matak gimir, ana pindah neukkeun boedak

Djoetjoengna koelantaran koerang panemoe, kakara lelengkah-haloe. koerang taktik djeung pamilih, moen di seundak, blak nangkarak, koeramkireum njamahan beungeut, koe sasama diempràkan, tjoelang-tjileung beureum tjeuli.

N a o n  a t o e h  p i l a n d o n g e n n a n a?

Tjeuk toekang sindir: Neundeun oebar dina peti, diwadahan piring gelas.

Saoer sepoeh: Lakoe oelah loepoet, oelah arek gantjang pintjang, kadjeun kendor dapon ngagembol. Dalil Soenda: Koedoe herang tjaina, beunang laoekna. Oelah leumpang sasabajan. Koedoe rempoeg djoekoeng sabiloeloengan. Oelah pakia-kia.

Ihtiar: K o e d o e  p a h e u j e u k h e u j e u k  l e u n g e u n.

Ngawitan taoen 1926 ngadeg Regent-

schapsraden sareng PROVINCIALE RAAD. Para mitra sadaja! Tangtoe ajeuna kadjoedi siloka noe di loehoer. Sadaja leden Regentschaps-Gemeente- sareng Plaatselijke Raden, ibarat keur majoenan papan tjatoer. Sanadjan diantara leden Priboemi noe aja dina eta RADEN tea aja keneh sawatara noe toemamoe, atanapi noe nembe lelengkah-haloe, oepami jasa ngagoear sindir, majoesan saoer sepoeh, kersa ngalarapkeun dalil Soenda, tanwande katingal mangpaatna.

Taktik poelitiekna tjatoer lain bantrak-bantrakeun, oepami teu waspada kana gerakna kantja, weroeh sadoeroeng winara, kersa soemoreang ka toekang, tjaritjing kesit ngalirik ka gigir, sambewara njieun kawal, tangtoe nemahan kasoran djoerit.

Baris milih leden Reg. Raad moal didadar da parantos kaliwat, ajeuna kantoen majoenan noe moendel, nja eta milih lid Provinciale Raad, dina ping 20 sasih ieu

Satanah Pasoeadan ngan aja 13 leden noe dipilih, noe djadi panjamboeng saoer bangsa oerang, noe seueurna sababaraha joeta. Atoeh kantenan noe dipilih teh kedah lalaki langit lalanang djagat, sinatria Djonggringsalaka, tjoekoep panemoe, djembar pangabisa, tjapetang bisa sawala, noe geus tabah tandang dikalangan.

Baris nohonan eta kaperloean, bangga kabina-bina. Sanadjan nimoe noe soeroep, sarta tjotjog toer katoong, saroea djeung panjipta, nanging lakoening biheung, boa teu kapilih kana lid lantaran koerang soara. Bisa kadjadian kitoe soteh oepama ninggang toekang tjatoer noe baliloe, toeroegtoeroeg noe di loear teu mirosea. Emoet emoet kagebah koe soerakna batoer djenoek bala rea. Toekang tjatoer kantoen bingoeng, rek diomean lana keneh djamanna, tatjan tjoendoek ka waktoe, datang ka mangsa, djoetjoeng nepi ka 4 taoen.

Tah lebah dinjana inggis koe bisi rempan koe soegan teh, lewang batan toempak djeuntas, sok radjeun sieun koe biheung, teu kaboel noe dimaksoed, si djago teu kongkorongok, toengtoengna kapapas, koe kabiri risi, koe bikang loempat.

Atoeh koemaha sangkan oelah kitoe!? Taja deui ngan koedoe rempoeg djoekoeng sabilieloengan, paheujeuk-beujeuk leungeun, paturema tjarita, tjampoer goeloeng djadi hidji, oelah talangke dieugke-eugke, sambewara rasa mokaha.

Anoo didamel candidaat nomer hidji ti Tjiandjoer: Radeh Demang WIRADIATMADJA, Patih Tjiandjoer.

teu kedah didadar pandjang, dipoedji beak beresih, da tabeat oerang mah sok era parada, paribasa „ngeupeul ngahoeapan maneh" Sanadjan teu atjan kaoeninga koemaha ketakna ing dana laga, tandangna dina kalangan, parantos katoong jen Andjeunna iasa njoemponan kaperloean djaman.

Panoehoen COMITE noe nawis di handap ieu, taja sanes moeng disoehoenkeun pangdeudeulna para mitra sadaja, moegi-moegi kersa milih noe kasebat di loehoer (mangga oerang Soekaboemi da Tasik mah teu bisa pipiloeeun corr.) sareng kersa ngalenjepan noe dipedar tadi, dikoentji hibet sanoebari, datangna ka loear tjah ja noe goemebjar njaangan sakoeliah Pasoendan.

COMITE timpah noehoen ka soegri noe sami asih. Djabi ti eta COMITE pasrah soemerah, toemamprak, bilih aja noe perloe ngaloemajankeun tanaga noe hengkei.

Kairing hormatna ti
SAB-LOKLOENGAN

| | |
|---|---|
| Prawira Atmadja | P. G. H. B. |
| Bratakoesoema | P. S. O. |
| Markas | H.K.S. Bond |
| Djatradidjaja | K. B. |

## Ngan bati hate bae.

Lain bae dina vergadering, atawa dina gempoengan, malah dina rioengan leuleutikan oge, koering sering ngadenge omongan: „Tjinta bangsa tjinta lemah tjai" atawa ngabela „Bangsa djeung lemah tjai" malah sok ngadenge oge „Neangan kamerdikaan bangsa djeung lemah tjai" djeung roepa roepa omongan sakoer anoe matak ngagoembirakeun hate, matak gede pangharepan djeung gede kapertjajaan, jen bangsa koering geus ngarti naon anoe djadi kawadjibanana, doemeh geus bisa ngarasakeun pait peuheurna, hiroep goemantoeng ka pangaroeh deungeun.

Kaboengahan djeung kapertjajaan koering anoe diseboet tjikeneh teh, bet ngarandeg kapegat koe Ki Palangsiang. Lain ari teu pertjaja mah ka anoe sok ngadongengkeun kamerdikaan teh, palangsiang ngan bati hate bae, teu pisan djeung ihtiarna. Koering moedji sataker tannga ka sakoer anoe daraek ihtiar neangan djalan pikeun ngangkat daradjat bangsa djeung ka merdikaan lemah tjai. Kitoe deui koering ngarasa handjakal pisan ka sakoer anoe bisa ngarasatapi teu daek ihtiar (teu pisan milu tjampoer kana oeroesan pagoejoeban anoe sapagodos djeung kahajangna), Tapi ieu oge nja mending keneh bae, lamoen dibandingkeun djeung bangsa oerang anoe sok ngahalang halang kana toedjoeanana salah sahidji pagoejoeban anoe ngoedag kamerdikaan bangsa djeung lemah tjai. Djalma anoe saroepa kitoe doeka koemaha pipikiranana, palangsiang anoe kitoe mah, geus roeksak rasa kabangsaanana.

Djalma anoe sok ngahalang halang kana djalanna pergerakan, koe oerang geus teu koedoe dipikir deui, ngan oerangna bae sing ati-ati, bisi asoep kana kalangan oerang, anoe engkena matak djadi hama, lamoen kanjaahoan koe oerang koedoe boeroe boeroe ditjeumpal.

Ka anoe bergerakna ngan bati hate bae, moenggoeh koering aja oge moedjina saeutik, tibatan anoe lompoet pisan mah, ngan eta atoeh, boeboehan doenja, sagala teh sok hajang leuwih tina noe geus aja. Leuh! kawas naon pihadeeunana lamoen anoe bergerak ngan bati hate bae teh, ajeuna mah rada ised kana djeung prakna, daek ngabantoe bantoe kana kaperloeanana pagoejoeban, da eta teh keur kaperloean sarerea, sabab sanadjan sakoemaha hadena oge, ari ngan woengkoel dina hate bae mah, hamo bisa laksana, sanadjan nepi ka kijamat oge.

Da lamoen enja mah, hajang ngangkat daradjat bangsa djeung kamerdikaan lemah tjai, asa moal koerang pisarateun. Anoe ahli njarita nja koe tjarita, anoe ahli noelis nja koe toelisan, anoe boga doeit nja koe doeit. Anoe henteu koe tjarita, henteu koe toelisan, henteu koe doeit, atoeh koe tanaga mah meureun bisa, satoengtoeng oerang hiroep djeung waras mah moal beak tanaga. Kapan kabeh oge perloe moenggoehing keur pergerakan mah, djeung moal bisa djalan lamoen dikoerangan tina salah sahidji tina sakoer anoe diseboetan tjikeneh tea.

Anoe bergerakna ngan bati hate bae, sarta henteu daek pisan njoemponan salah sahidji perkara (kawadjiban) anoe diseboet tjikeneh, eta mah saroea bae, djeung anoe ngarep ngarep hoedjan ti langit. Kapan sagala oge koedoe diihtiaran, moenggoehing di alam doenja mah, teu aja hidji kadjadian anoe teu karana sabab.

Djaba ti kitoe moenggoehing manoesa mah, diwadjibkeun kana ihtiar teh boh keur dirina sorangan atawa keur kaperloean oemoem. Ari koe pamikir koering mah, kaperloean sorangan djeung kaperloean oemoem teh, tara sakoemaha anggangna, sabab oerang hiroep di doenja teh teu bisa sorangan.

Ajeuna oerang berendelkeun hidjihidjina martabat hiroep, nja eta.

Ka hidji, anoe ngingetkeun keur kaperloean diri sorangan bae.

Ka doea, kadjaba keur diri sorangan teh, djeung ngingetkeun deui kaperloean anak pamadjikanana (batoer saimah).

Ka tiloe, kadjaba ti ngingetkeun kaperloean batoer saimahna, oge make ngingetkeun kaperloean sanak barajana djeung sosobatanana.

Ajeuna oerang koedoe nanja ka diri sorangan. Tjitjing dina martabat mana oerang teh?

Ari koe pamikir koering mah, moenggoehing oerang hiroep dina djaman ajeuna oerang henteu bisa misahkeun maneh, ngoekoehan tjitjing dina hidji martabat, sabab kaperloean sorangan teu meunang henteu, koedoe bae ngantet djeung keur kaperloean oemoem.

Henteu aja deui djalanna, keur njoemponan kaperloean oemoem teh kadjaba ti koe pagoejoeban.

B. S.

Bandoeng, ddo poststempel.

## Pesta sawidak taoen Kweekschool.

Oepami ngemoetkeun seueur sakola anoe nembe 5, 10 taoen parantos dipestakeun, asa meudjeuhna ngadegna Kweekschool 60 taoen diramekeun (Soemawonten Hooge Rechtsschool mah geuning nembe sataoen parantos dipestakeun). Moepakat sim koering kana pesta 60 taoen Sakola Radja aja deui maksadna, njaeta oerang bari njarioskeun piengkeeunana (toekomst) eta sakola. Margi oerang ajeuna kedah mikir, naha bade dikoemahakeun Kweekschool anoe ajeuna, saparantosna Algemeene Kweekschool (A. K. S.) diajakeun.

Anoe maraos tangtos sami oeninga, jen A. K. S. teh bakal ngajakeun goeroe pikeun Europeesche scholen, H. C. S. sareng H. I. S. njakitoe deui Schakelschool. H. K. S. anoe aja, doeka doeanana, doeka salah sahidji bakal didamel. A. K. A. afd. A; nja eta pikeun goeroe anoe bakal djadi pembantoe di H. I. S.; babakoena mah. Djadi kanggo kapalana bakal aja sakolana, kanggo pembantoena anoe njekel basa Walanda aja tjalonna, kanggo basa Priboemi sareng Malajoe nja ti Normaalschool pigoeroeeunana.

Tah ari anoe ti Kweekschool bakal djadi naon?

Dalah ajeuna oge sajaktosna mah bingoeng sim koering mikiran hal Kweekschool djaman ajeuna.

Disakola diasakkeun pikeun hulpkracht di H. I. S.; leerschoolna oge H. I. S.

Oepami parantos kaloear ladjeng dibenoem souseueurna ka H. I. S.; ngadjar basa Walanda babakoena, ditambah koe ngadjar basa Priboemi sareng Malajoe.

Nanging oepami parantos kenging ervaring, ana naek nja kana Mantri Goeroe sakola ka 2 atanapi Vervolgschool anoe basana basa Priboemi. Tah palebah dieu rada pintjang.

Sanggem sim koering tadi diasakkeun pikeun ngadjar di H. I. S.; nanging Departement masih mandang „kirang asak" keneh, da boektina diajakeun Cursus pikeun acte Nederlandsch; djadi dianggap kirang tjekap basa Walandana koe Departement.

Meureun mistina mah noemoetkeun ajana Cursus teh, anoe parantos kenging acte Nederlandsch parantos asak, tjekap, meudjeuhna ajana di H. I. S., nanging naha anoe parantos kenging examenna dibarenoeman njadi M. G. sakola Priboemi (ka 2), ka sakola anoe sama sakali teu aja basa Walandaan; djadi acte kenging hese tjape teh, ari keur Onderwijs mah teu aja goenana. (De H. I. S. is er weinig mee gebaat).

Da H. I. S., meunang deui bae goeroe anoe anjar ti Kweekschool **„anoe diasakkeun koe Departement pikeun H. I. S.; nanging anoe teu dianggap asak koe Departement keneh.** Ana parantos dianggap asak di alihkeun ka tempat anoe teu make kaa sakauana tina basa Walanda teh.

Tjeuk emoetan sim koering ajeuna mah moeng doea djalanna:

I. Leerplan Kweekschool diloehoeran dongkap ka sami sareng A. K. S.

II. Leerplan Kweekschool digentos koe leerplan Normaal-school; djadi pikeun Goeroe sakola klas 2 sareng Vervolgscholen atanapi goeroe basa di H. I. S.

Tiasa oge ieu djalan dipetakeun doeanana, sapalih Kweekschool teh djadi A. K. S. anoe sapalih deui djadi Normaalschool.

Tah di pesta 60 taoen oerang bari ngalandih aran ongkoh.

Ieu perkawis tetela kangge belanghebbenden matak risina, nanging rajat kedah gadoeh katangtosan kedah terangeun koemaha piengkeeunana, mana anoe mangpaat pikeun pangadjaran anak-anakna.

Panoetoep ieu karangan: Sim koering moepakat kana ajana pesta 60 taoen, oepami dina eta pesta teh sakalian ngagentos ngaran atanapi ngabarempagkeun „aran" anoe kapajoen bakal dipaparinkeun ka oeroet sakola sim koering.

Basisir Kaler. A. S.

## Lelemboetan.

Aja doea ketjapna di oerang paranti njeboet diri manoesa noe gaib, hidji pangatjian, kadoea lelemboetan. Noeroetkeun dipakena lelemboetan djeung pangatjian teu saroea. Kieu bedana: lamoen pangatjian indit ninggalkeun badan, diseboetna „kaboer pangatjian", djelema djadi malaweung, loengse saloear badanna, tapi lamoen lelemboetan bidjil tina raga, djelema djadi poho, poho ngampleng, badanna taja dajana, sare diseboetna.

Eta doea ketjap estoe harti Soenda toelen. Demi ketjap anoe katiloena ilahar kapake djeung tatangga (Djawa djeung Malajoe).

Soepaja leuwih terang, oerang balikan deui, roemaketna oerang djeung eta noe tiloe.

Oepama oerang katinggal pangatjian, leng teu inget, badan loengse. Ari oerang katinggal koe lelemboetan, reup sare, badan taja pangawasa. Lamoen oerang katinggal koe njawa, hos paeh, badan teu daja teu oepaja, malah toeloej leboer toempoer. Dimana njawa ingkar tina badan, lelemboetan djeung pangatjian katoet kabawa. Badan, anoe tinggal tea, noeroetan oerang Arab dingaranan majit, Soendana boegang. Demi anoe indit nja eta goeloengna njawa, lelemboetan djeung pangatjian, diseboetna lelemboet.

Sanadjan ajeuna geus djadi bangsa lelemboet, teu weleh resep ka djelema, da asal djelema. Ana datang deui ka djelema, teu bisa mere isarah noe matak kaharti, heug bae disangka djoelig, nja disareboet djoerig atawa ririwa.

Tadi di loehoer geus ditjaritakeun, jen pangatjian bisa loenta, ninggalkeun lelemboetan, soep deui pangatjian teh asoep ka badan djelema, ngahidji djeung pangatjian noe boga badan. Djadi oentoeng noe boga badan, sabab tambah koeat, tambah seukeut pamikirna, dibasakeun katinggang „poeloeng". Oentoeng lain dikieuna anoe pinaringan meunang poeloeng, sabab eta henteu beunang koe oesaha, estoening koernia anoe haat.

Da lelemboetan oge bisa loemampah teu kalawan njawa tjara pangatjian, tapi teu bisa loemampah, lamoen teu dieusi pangatjian. Soep deui asoep ka badan djelema, pel djeung lelemboetan noe aja, dalit djadi hidji' atoeh priboemi djadi weweg, asa rengren, woewoeh bajoe. Ari pangatjianana, betaheun meureun toeloej toemetep, roemaket djeung anoe aja, teu betaheun meureun ingkar, njiar geusan bagenah. Lelemboetan mandjing ing raga manoesa diseboet „nitis".

Lelemboet anoe aja keneh genah kapanasaran di boeana, gebloes ka djelema, njoeroep tjek basa ilaharna; lamoen ngadaban ka noe njoeroepna, pokna nitih atawa tjalik.

Kitoe pondokna kapertjajaan oerang Soenda anoe kapanggih koe koering tina bagbagan lelemboet djelema.'

Eukeur mah boga dadasar kitoe kawoewoeh koe pangaweroeh ti Hindoe (elmoe Barahma, elmoe Boedha) beuki tigin kapertjajaanana. Djol deui Agama Islam mawa paham anoe sapagodos, toeloej pabaoer djeung noe geus aja.

Eta matak kaweur keur noe mikir pandeuri, tina kalobaan teuing ngaran.

Perloena koering njaritakeun eta anoe di loehoer, lain rek ngetjeskeun perkara kabatinan manoesa, ngan sakadar njieun dadasar pikeun anoe arek daek mikir perkara njiar djalan kaloeloesan keur sarerea, pangpangna bangsa ambtenaar anoe diwadjibkeun ngoeroes djelema, kitoe ge ambtenaar priboemi, teu rek mamawa noe lian. Nanging agoeng pangapoenten.

Geura lain matak hawatir, noe dioeroes belengong, anoe ngoeroesna bolostrong, kadjadian haok hamprong. Leuheung moen saoekoer ngadoe omong, koemaha ana geus ngadoe bedegong, bedil gobang dipake panjokong omong. Lain tiwas?

Geus lain sakali doea kali kadjadian karoesoehan, matak goejoer salelemboer, lantaran noe „kasoeroepan".

Naha oerang teh rek molotot ngabaong, djongdjon notorekkeun maneh? Koemaha ngalurapan noe „kasoeroepan", sangkan oelah djadi bahja?

Moh. Ambri.

## Artos derma.

Hatoer noehoen Schoolbestuur Pasoendan parantos nampi derma anggoeun ngawoewoeh ngadegkeun sakola ti:

| | | |
|---|---|---|
| Sepoehna | Awadeng | f 1,— |
| „ | Awal | f 1,— |
| „ | Roehaeni | f 1,— |
| „ | Oetjoe | f 2,50 |
| „ | Kaljoebi | f 2,50 |
| Sepoehna | Soehara' | f 2,- |
| „ | Tjali | f 2,50 |
| „ | Rasli | f 1,— |
| „ | Djoened | f 1,— |
| „ | Tjoedlia | f 1,— |
| „ | Soepena | f 1,— |
| „ | Sadeli | f 1,— |
| „ | Soeminar | f 1,— |
| „ | Tarjo | f 1,— |
| „ | Hapsah | f 1,— |
| „ | Saribah | f 1,— |
| „ | Soekarma | f 1,— |
| „ | Soerio | f 0,75 |
| „ | Saleh | f 1,40 |
| „ | Sanoesi | f 2,— |
| „ | Hoesen | f 1,— |
| „ | Pirdos | f 1,— |
| „ | Koesman | f 1,— |
| „ | Djaenoedin | f 1,— |
| „ | Ili | f 1,— |
| „ | Loemrio | f 1. - |
| „ | Endi | f 0,50 |
| „ | Sapingi | f 1,— |
| „ | Hoesen | f 1.— |
| „ | Odjo | f 1,— |
| „ | Bagoes | f 2,50 |
| „ | Sain | f 1,— |
| „ | Ahwas | f 1,— |
| „ | Moeharam | f 1,— |
| „ | Djodjo | f 1,— |
| „ | Eha | f 1,— |
| „ | Ono | f 1,— |
| „ | Joejoe | f 0.50 |
| „ | Asikin | f 1,— |
| „ | Wasmi | f 2,50 |
| „ | Apandi | f 1.— |
| „ | Tjahri | f 1.— |
| | Djoemblah | f 50,65 |
| | Noe parantos katampi | f 50.— |
| | Djoemblah | f 100,65 |

School Bestuur Pasoendan
Tasikmalaja.

## Studiefonds Pasoendan.

Dina Sipatahoenan No. 12 aja patarosan ti Djoeragan Saksi tina perkawis Studiefonds Pasoendan, ieu walonan ngahadja koe Hoofdbestuur Pagoejoeban Pasoendan dieiat-elat, djalaran ngantos-ngantos pangwalon ti anoe djadi Bestuurna Studiefonds Pasoendan. Nanging doemoegi ka ajeuna lebeng bae, doeka naon margina, asa pirakoe ari teu maraos onaman.

Parantos lami pisan Studiefonds Pasoendan teh, dipisahkeunana sareng Pagoejoeban Pasoendan, nja eta koe emoetan mah, soepados langkoeng gampil didamelna sareng langkoeng enggal kaala boeahna.

Doepi anoe misah teh, sanes moeng Bestuurna bae, dalah sauiskanten atoerana (administratie en organisatie) oge misah.

Nanging sanadjan parantos misah oge, oepami aja kaperloeanana mah, nja sok dibantoe-bantoe keneh bae koe Bestuur Pagoejoeban Pasoendan teh, kajaning dina ngilari artos sareng djabi ti eta.

Doepi H. B. Pag. Pasoendan doegi ka ajeuna henteu nampi laporan kitoe kieu, da parantos misah tea. Sakawitna mah ageung pisan kapertjantenan jen baris p nadjengeun.

Noemoetkeun katerangan H. B. mah ajeuna Djoeragan E. Bratakoesoemah sareng Djoeragan Kartabrata, parantos liren tina lid Pag. Pasoendan (doeka naon margina?)

Doepi anoe sajaktosna mah H. B. oge teu kinten ngaraos perloena aja Studiefonds Pasoendan teh, djadi koe margi eta, sanget panoehoen H. B. moegi Djoeragan Bestuur Studiefonds Pasoendan kersa masihan katerangan tina ieu perkawis.

H. B. Pagoejoeban Pasoendan.

## Kapitalist in spe!

**Kapitalisten-fokkerij!**

Kapitalist?!! Kaom kemodalan, kaom pesindes?! Rek ngahadja dibibitkeun, sina baranahan? Terlaloe! Meureun tjeuk „Petji Sep".

Jaaaa . . . . . Djoeragan-djoeragan! naon paedahna bisa ngabedil teu boga bedil, bisa noelis teu boga kalam, bisa matja teu aja boekoe?

Naon paedahna garawak gorowok, kantong kosong, poeloetak - poelitik teu boga . . . . doeit?

Saha noe koedoe dilawan? Naon pakakasna batoer? Pestol rek dilawan koe doran?

Kabeungharan koe . . . . kamalaratan?

„Dieven vangt men met dieven." (Newak bangsat koedoe koe bangsat deui).

Ari oerang . . . . ngalawan „doeit"

koe beuteung korontjong?

Poegoeh, „knowledge is power", kennis is macht, (pangabisa saroea djeung kakawasaan), tapi . . . . . teu sampoerna. Koedoe bae aja parabotna Euweuh di oerang waktoe ieu „kaom kemodalan", kapitalisten? Iiiih loba!

Tapi loba oge, ari teu daek sili pertjaja djeung batoerna mah, digawe aing-aingan, nja moal sabaraha tanagana. Moal koeat ngalawan maskape maskape.

Ieu mah rek ngabibitkeun kapitalisten „matjem baroe", noe silih pertjaja djeung batoerna, diadjar digawe babarengan. Noe ngingetkeun oge kana kaperloean deungeun.

. . . . . .

Eukeur mah eukeur ti tadi njileuk hajang boga moderne Inl. kaom kapitalisten, noe ditoetoeran ti lelemboet, ajeuna manggih bedja bet koe Pasoendan dikeureujeuh.

Atoeh mani atoeh teh!

Atoeninga, moerid-moerid Pasoendan, sakoer boedak kahidjina, malajar kontribisi saperak.

Geus meh sataoen, eta kontribisi ditoeroenkeun djadi f 0,75. Tapi koe poetoesan Vergadering, mere mah angger bae f 1,—, ngan noe sataleu djadi tjengtjelengan.

Koe vergadering noe anjar, dipoetoeskeun deui, eta doeit tjengtjelengan teu beunang ditjokot deui ditetepkeun pikeun . . . . . modal. Dimana aja boedak kaloear, koe bestuur ditere aandeelbewijs, noe noedoehkeun lobana doeitna.

Alip-alipan! Enja, tong ngarasa hina, tong era. Sagala ge koedoe leutik heula. Orok oge tara oedjoeg-oedjoeg „berkoemis."

Lobana modal ajeuna geus sed tina f 500 — Dina sataoen! 10 taoen? Lain 5 rebee!

Noe boedak mah sakitoe ge geus loba.

Doeitna moal sina djadi dood-kapitaal. Tapi rek didjalankeun kalawan dititenan koe noe dipertjajakeun koe sepoeh-sepoeh moerid.

Ngalamoen!

Moen seug di oenggal sakola. saboeteuna di oenggal H. I. S. heula, aja atoeran kieu.

Kolot-kolot baroedak diadjak badami. Heug ngagaroegoe sa Pasoendan, euleuh siga koemaha boeahna.

Asa naon nendjo ngaleut-ngaleut Candidaat kapitalist.

Modal, djoeragan-djoeragan modal!

Tah ieu, kaperloean oerang teh, boga modal! Modal ana ngagadil matak boedal badil.

Kapan koe oerang ge karasa!

## Kempelan Pasoendan afd. Tasikmalaja.

Dina dinten Minggoe ping 15 November 1925 di H. I. S. Pasoendan, parantos ngajakeun vergadering afd. Pasoendan Tsm. Noe njepeng ka Voorzitteran Djr. Ahmad Atmadja. Vergadering diboeka taboeh 9,15.

Djr. Voorzitter njarioskeun kalandjakalanana, wireh ningali noe sa roemping teu seueur, oepami dibandingkeun kana seueurna bangsa Soenda, noe ngagadoehan raos kasoendaan; sareng kana kapeutinganana noe bade dibadantenkeun.

Vergadering dianggap sah sanadjan teu sadaja elid saroemping. Koe margi kaasoep kana rengrengan Bestuur, djr. Voorzitter teu tiasa njebatkeun koe andjeun kempelan moendoer atanapi madjoena. Nimbang nimbang perkawis ieu kedah hidji djelema noe teu kaasoep kana pangoeroes.

Ti dinja ladjeng njarioskeun sareng ngabadantenkeun agenda.

Milih eere voorzitter.

I. Koe margi djr. Patih Tsm. seueur pisan djasana kana kempelan, andjeunna kapilih kamoepakatan koe sadaja djadi eere-voorzitter afd. Onderwijs.

II. Voorklas di H. I. S. Pasoendan.

Djr. Voorzitter njarioskeun perkawis ieu sareng ngabandingkeun naha pikeun Pasoendan langkoeng sae ngajakeun Frobelschool atanapi Voorklas di H. I. S. na.

Noemoetkeun atoeran - atoeranana sareng nimbang-nimbang kana piwaragadeunana, katjida langkoeng saena baris ngadamel voorklas ti batan Fröbelschool.

Djr. Kartawisastra njaoerkeun, jen ajana oge eta Voorklas ngoentoengeunana teh woengkoel ka oerang kota bae, da oerang piloearan mah (ti noe tebih) sadjabi ti melang ngipoerkeun baroedak noe alit keneh teh eta koe ditambihan seunggah ongkosna, anoe tangtos tea moal kabedagna. Tjontona perkawis internaat Sanes pisan sepoeh-sepoeh moerid teu ngartos kana perloena atanapi teu panoedjoe kana maksad eta, namoeng woengkoel koe margi haroream kana ongkosna, noe mawi teu doegi ka djadina teh, Andjeunna moerstel internaat koemaha oepami disapertos pasantrenkeun.

Djr. Natuprawira moepakat kana prinsipna ieu perkawis, namoeng seunggah kana ngadjalankeunana.

Djr. Hardjoproewito: Soepados noe ti paloearan teu kasedekkeun koe noe ti kota, dina nampi pimoerideun, noe pinampieun kedah aroeninga heula naris dikamanaakeun si moerid tea engkena.

Djrg. Voorzitter teu moepakat kana internaat didamel sapertos pasantren teu tiasa nanggel kana pisaeeunana.

Andjeunna njarioskeun sagala roepi kasaeanana oepami di H. I. S. „Pasoendan" aja voorklas.

Moepakat vergadering njobi-njobi voorklas diajakeun dina sasih Juni 1926.

III. Pasar malem.

Vergadering panoedjoe kana poetoesan Bestuur tina perkawis ieu.

IV. Loterij

Sadaja panoedjoe

V. Verificatie commissie.

Vergadering njoehoenkeun soepados ieu commissie ditetepkeun sapertos taoen pengker.

VI. Tjengtjelengan moerid moerid rempag sadajana, oelah dipoelangkeun


# SOERAT-SOERAT POEDJIAN BOEAT TOKO OBAT
### HINDOESTAN
### TASIKMALAJA.

**VERKLARING.**

Anoe nanda tangan di handap ieu R. H. Achmad Cartobie di Tjitapen Tasikmalaja. Nerangkeun kamandjoeraanana oebar ti Toko Fazil Mohamad di Tasikmalaja. Anoe geus ditjoba koe sim koering babakoena tina perkara oebar panjakit Ambej. Ieu panjakit noeroetkeun kajakinan bangsa Tabib jen koedoe dibelek (operatie) Tapi sanggeusna sim koering dioebaran koe ti Toko Obat Hindoestan noe kaseboet diloehoer, bisa tjageur teu dibelek deui.

Djadi kasanggoepanana eta obat noe geus disebarkeun di soerat kabar estoe benerna, toer ongkosna moerah pisan, lamoen dibanding djeung banggana panjakit.

Tanda tangan noe kaseboet di loehoer

**H. A. Cartobie.**

Jang lain dari itoe ada banjak jang kasih poedjian saperti:

Dari: Toean Buirger Noesa Kambangan Tjilatjap
Toean Moh. Bawasir Tjilatjap.
Hadji Abdoel Hamid Tjilatjap.
Toean J. A. Tan Djokjakarta.
Toean Basiroean Delangoe Djokja.
M. Prawiro Djokja Toegoe.
M. Soekantapradja Kalangsari Tasikmalaja.
R. Wiria Manondjaja. Toean M. I. Pieters Koetoardjo.
M. Soma Tjigedoeg Garoet.



# SAEMBARA.

Ka soegri noe iasa sareng kersa ngempelkeun atanapi ngarang koe andjeun **dongeng-dongeng parondok**, anoe matak goe**moedjeng**, bade dipeser **kontan** ti f 0,25 doemoegi ka f 1,— sahidjina dongeng, noemoetkeun koemaha dongengna.

Perdjangdjian noe djadi loeloegoe:

I. **Pigoemoedjengeunana** eta dongeng-dongeng tea, kedah sapertos dongeng-dongeng dina boekoe: **Goedang goemoedjeng, Pabrik Seuri, Bodor triwangsa** sareng **Aki-aki ogoan,** . . . . . . reh dongeng-dongengna dina eta boekoe parantos tetela dipikaresep koe soegrining oerang Soenda.

II. **Dongeng-dongengna** patjoean **oelah aja anoe sami** sareng dongeng-dongeng noe parantos aja dina boekoe: **Goedang Goemoedjeng, Pabrik Seuri, Bodor triwangsa** sareng **Aki-aki ogoan** sareng oelah kengeng **noeroen** tina dongeng anoe parantos diboekoekeun.

Perdjangdjian anoe langkoeng paos, perjogi poendoet bae.

Ta'dimna noe ngadamel saembara

**M. I. Prawirawinata**

**Katja-katja Wetan 132. BANDOENG.**



# SIK DJOEN KWAN
## TOEKANG GIGI
### Tjihideunggede No. 23 Tasikmalaja.

Teu aja deui angen-angen sadajana, jen di doenja palaj hiroep senang sareng kasehatan, dina barang toeang kapalaj teh anoe parelem anoe raraos bae. Handjakal tina hal barang kasehatan waos mah, margi sakoer anoe di toeang eta sajaktosna nambihan oelam, teu karaos njarelapna dina waos, lami-lami ngagoendoek ka lebet doegi ka kadjadian njeri waos sareng koropok.

Di dieu bade diterangkeun, jen kasawat waos oepami teu ditoeloeng koe ahlina (dokterna) moal tiasa sae, katoeangan anoe teu antjoer pisan ngadjadikeun kasawat lalendeng poesing, njeri patoeangan, sesek napas, eungap, teu aja napsoe kana barang toeang sareng sanes-sanesna. Ieu sadaja kasawat moal tiasa sae leres-leres, oepami waos masih teu sehat, ngandoeng pirang-pirang oelam.

Ajeuna sim koering di dieu parantos ngadeg tokona njajagikeun roepi-roepi landong waos, anoe koemaha bae tiasa dilandongan koe sim koering kalawan ditanggel.

Nja kitoe deui njajagikeun waos palsoe, poslen, toelang, perak, emas saniskanten aja. Ngaratakeun waos ngaberesihan sareng ngagilapkeun soepados herang sapertos kilat tatit, koemargi kieu, tangtos djadi ngawoewoeh tjahaja.

Njajagikeun deui panon palsoe, oelah salempang.

Djoeragan djoeragan istri dilandonganana koe njonja, nja eta poen bodjo.

Anoe ngantos pesenan a saroempingna'

**SIK DJOEN KWAN**

18 **Sarimbit.**



### TOKO BOEKOE
# M. I. PRAWIRA WINATA.
### Katja-Katja WETAN 132. BANDOENG.

## AKSARA SOENDA.

| | | |
|---|---|---|
| Goedang goemoedjeng 50 dongeng pigoemoedjengeun | . . . . | f 0,75 |
| Pabrik seuri 100 „ id. | . . . . | „ 0,80 |
| Bodor triwangsa 50 „ id. | . . . . | „ 0.50 |
| Aki - aki ogoan 10 „ id. | . . . . | seep. |
| Wawatjan Pangeran Soemedang | . . . . | f 0,75 |
| Tembang Sisindiran | . . . . | „ 1,50 |
| Eulis Atjih I—II—III | . . . . | „ 1,25 |
| Wawatjan Mintaraga | . . . . | „ 0,50 |
| Volksalmanak Soenda. Melajoe, Djawa 1926. | . . . . | „ 0,80 |
| Kembang para nonoman | . . . . | „ 1,25 |
| Sadjarah K. N. Moehamad | . . . . | „ 0,60 |
| Babad Pasoendan | . . . . | „ 1,10 |
| Kasidah Nabi nikah (Madjlis V) | . . . . | „ 1,10 |
| Wawatjan Batara Rama (aksara Soenda | . . . . | „ 4,50 |
| Wawatjan Roesiah noe kasep | . . . . | „ 1,20 |
| Wawatjan Enden Sari Banon | . . . . | „ 1,— |
| Wawatjan Danoemaja I — II | . . . . | „ 1,— |
| Masak - masakan (Siti Permana) | . . . . | „ 0,25 |
| Wawatjan Enden Joejoe | . . . . | „ 0,75 |
| Sadjarah Tanah Djawa | . . . . | „ 1,— |
| Wawatjan Poernama Alam I t/m | . . . . | „ 3,— |
| Wawatjan Rangga Woeloeng | . . . . | „ 1.50 |

Ongkos ngintoenkeun teu atjan dietang. Prijscourant sajagi.

### TWEEDEHANDSCHE BOEKEN.

Sajagi ± 100,000 boekoe-boekoe tweedehandsch basa: Walanda, Inggris. Fransch sareng Duitsch. Pangaosna rata-ratana kirang tina satengahna pangaos weuteuhan. Mangga poendoet boekoe naon bae.



# TAN HOEN AUW

Toekang pasang gigi sareng panon palsoe ti Bandoeng ajeuna di Pasarbaroe Tasikmalaja.

Adres anoe mirah padamelan ditanggel sae.

Dina katoeangan-katoeangan anoe raraos sok sering ngadjantenkeun roa oelam saladjengna kasawat waos anoe sesah pisan dilandonganana. Meh teu tiasa deui njarioskeun sakoemaha kateuraosanana anoe kasawat waos, anoemawi kedah didjagi ti samemehna.

Ajeuna sim koering njajagikeun saniskanten landong anoe koemaha bae, nja kitoe deui ngadjagi soepados salamina waos sehat berseka, tiasa didjagi koe landong sim koering.

Para Istri dioeroesna koe njonja. Mangga saroemping.

Hormat noe ngantos-ngantos

**TAN HOEN AUW**

11 Pasarbaroe 59 Tasikmalaja.


**Ladjeng ka katja 4**


### TOKO
### Universeel Agentschap
# NIC MULLER
### TASIKMALAJA
**Goenoengladoe No. 15**
Telefoon No. 26.

Roepi roepi oebar oebaran sapertos:
Landong njeri bool
Landong soepados tiasa koelem
Pil koeras manis
Landong panas anggoeun moerangkalih
Landong intjok
Saboen anggoeun kasawat koelit
Landong noe lembek salira soepados djagdjag
Landong gohgoj sareng mengi
Zalep boelao koneng sareng bodas
Kompa pinareup
Wedak roepi roepi
Pel njenjepan
Landong njeri kahampangan
Castor olie noe diboeangkoes
Creoline, Karbol
Kompa istri
Landong njeri beuteung tadjam
Oebar kokoloteun
Landong angkeng
Kain karet No. I.
Landong kiat ka . . . ?
Landong kakiatan moerangkalih soepados montok
Limoen pergasi
Landong paranti moeragkeun boeloe kelek
Oebar raheut
Oebar paranti dikoeramas
Oebar toembila
Landong kakiatan salira
Perban perbanan. kapas sareng seueur seueur deui.

Awas! Tjelep badjoe atanapi kain kain roepi roepi warni.

Model, moerah, aloes.

Mangga lebet ka toko.

Noe ngantos

40 **Nic Muller.**



## TOKO en DRUKKERIJ
**Pasoendan Tasikmalaja.**

Nampi saniskanten padamelan, ngitjal wawatjan anoe parenting anoe marodel, sapertos:

Batara Rama, kenging disebat poesaka oerang dina dangding basa sareng tjariosna, karangan R. Anggabrata Boedjangga Soenda . . f 0,65

Ardjoenawidjaja, penting eusina, basana, margaloejoena . . . f 1.—

Mintaraga Ardjoenawidjaja penting oelikeun . . . . . . . . . f 0 50

Pergiwa Pergiwati penting moal aja noe bireuk . . . . . . f 0:35

Atoeran hal onwettige Occupatie (tanah mentah teu sjah) . . f 0 25

Pangadjaran Agama Islam (pangatoeranana) . . . . . . . . f 0 35

Wet perboeroean . . . . f 0.60

Sadjarah Kangdjeng Nabi Moehamad . . . . . . . . . . . f 0 50

perloe diaraos.

Noe pesen leuwih ti 3 boekoe ongkos vrij.

Wawatjan Wasiat Rama moeng f 10, perloe kanggo persen moerangkalih.

di Toko Pasoendan,
TASIKMALAJA.



## Bade Medal.

**Zak Almenak** taoen 1926, dipapaesan koe potretna p. a. m. **Kdj. Adipati Wiratanoeningrat** Kdj. Dalem Tasikmalaja, koempiit sareng tjariosanana ti nempe ditabarkeun doegi ka ajeuna. Sareng babad **Soekapoera** ti djaman **Radja Medangkamoelian Praboe Bandjaransari** ka 1. doegi ka Kdj. Dalem ajeuna Kdj. Boepati **Soekapoera** ka 15. Sareng roa-roa deui anoe baris mangpaat ka soegri anoe maos.

Mangga geura pesen ti ajeuna bilih seepeun sapertos taoen poengkoer.

Para djoeragan soedagar!! Patoekangan!!! sareng sanes sanesna!!! Mangga geura moendoet lebet Advertentie dina **Zak Almenak** anoe bade medal taoen 1926, ditanggel hasil maksad, toer ongkosna ditanggel mirah.

Serat-serat Pesenan Almenak sareng moendoet lebet Advertentie kenging ka **R. H. A. Cortobie** Tjitapen 31 Tasikmalaja.

Anoe ngadjeng

**Galoenggoeng**

**Drukkerij.**

oepami moerid kaloear, asal eta moerid tea kenging bewijs aandeel tina hidji cooperatie,

VII. Congresvoostellen.

Sadaja moepakat kana voorstelan-voorstelan Pasoendan afd. Tasikmalaja noe bade didadarkeun dina congres.

Pikeun oetoesan afd. Tasik. kapilih doeaan, nja eta Djr. Soetisna Sendjaja sareng Djr. Ahmadatmadja.

Taboeh 12 vergadering ditoetoep.

**Verslaggever.**

## Congres Pasoendan.

Dina Sip. No. 21 parantos diwawarkeun, Pasar Malem Pasoendan baris disarengan koe Congres Pagoejoeban Pasoendan.

Ajeuna parantos aja katangtoeanana, irahana diajakeunana Congres. Nja eta Malem Djoemaah tanggal 24 December, ti taboeh 8 doegi ka taboeh 12, kempeian (besloten vergadering) nepangkeun lid Pasoendan sareng wakil-wakil ti oenggal tjabang. Tempatna di H I. S. Pasoendan, di Goenoeng Saboeulah

Dinten Djoemaah, endjing-endjing ping 25 December, ti taboeh 8 dongkap ka taboeh satoe, kempelan (openbaar) tempatna di gedong Bioscoop Galoenggoeng, sisi aloen-aloen karesidenan.

Malem Saptoe, ping 25 Dec. keneh, Openbare Vergadering deui, di H. I. S. Pasoendan, Goenoeng Sabeulah, ti taboeh 8 doegi ka taboeh 12.

Dinten Saptoena, ping 26 December, ngawitan moeka Pasar Malem.

Sigana, wallahoe aiam boektina, sakali ieu mah boga pangharepan rame koempoelan teh.

Lain bae lid-lid Pasoendan noe bakal daratang, tapi koempoelan-koempoelan noe sedjen oge noe sakira sadjalan djeung Pasoendan mah, rek diogan, disoehoenkeun ngintoenkeun wakilna. Djeung moen teu salah djaba ti eta, bangsa noe kaasoep kana tjikot-tjikot ti sedjen-sedjen tempat saperti Djr.-djr. H. A. Salim, Djrg. Tjokro Djrg. Tjipto djeung noe sedjen-sedjen rek dihatoeranan tjalik.

Terkadang-kadang bangsa Walanda oge aja noe dihatoeranan.

Moen seug djadi sakoemaha noe diadjam, diwaaskeun teuing hog-hagna.

Abong moen teu resep ngadengekeun!

Abong moen oerang Tasik teu harajang oeninga, ngadangoekeun djago-djago.

Moega-moega teuing sing laksana!

—o—

Sanadjan teu perloe, tapi leuwih hade bae oepama koering ngelingan djeung noehoehoen ka lid-lid Pasoendan.

Paneda, tjing atoeh perloe kasamboet soenat kalampahkeun tea sing kareresa nembongkeun andjeun. Oelah noempi, ngadedampes. Nepi ka meh bae teu katara oerang Soenda boga . . . . . pagoejoenan.

Koering pertjaja, loba pisan noe tjotjog ka Pasoendan, loba elidna. Ngan handjakal soegema koe ditoeliskeun woengkoel djenenganana dina ledenboek. Loer djeueueun bae!

Radjeun aja noe noel, koeliat koeliat bari heuaj . . . „seh enja, Pasoendan" . . . . Geus kitoe keeeeeer deui bae!

Moen noe dagang tea mah, ajeuna hade pisan waktoena pikeun reclame. Panoehoen oelah dongkap ka „onbenut", diperdoelikeun.

Ari ka bangsa sepoeh-sepoeh mah teu wantoen njarios, moal hade njidoeh ka langit, da meureun eta noe bakal ngagoegoeloekeun oge, eta noe bakal noengtoen. Peupeuriheun di tanah batoer geuning noe geus tjetoek dawoek noe aja di hareup, geugeuj atoeh pantar djrg. . . . P. . . . djrg S. mah, oepamina.

— o—

Wangsoel deui kana Congres.

Oge pikeun rahajat sakoemna, congres Pasoendan teh moal taja paedahna. Margi noe bade dibarempagkeun teh sanes kaperloean pagoejoeban woengkoel, tapi seuseueurna pikeun djelema rea.

Tiasa djadi engke dina Sip. no. 23 tiasa dilebetkeun voorstelan-voerstelan ti Tjabang-tjabang Pasoendan noe sanes sareng ti Hoofdbestuur.

Perloe dioeninga koe djelema rea, da keur kaperloeanana. Perloe milue-mikir, miloe nimbang.

Ieu di handap voorstelan-voorstelan ti Tjabang Pasoendan ti Tasikmalaja, noe parantos dikintoenkeun ka Hoofd bestuur make katerangan pondok.

Geura, mangga araos sing tenget, enja keur djelema rea atawa sanes.

Biasana dianggap koe noe leutik Pasoendan teh madjar keur menak woengkoel, eta soegan pedah dina barang pentana tara „haok hamprong, popolotot," teu „aksi" meureun, tjeuk baroedak mah.

Ajeuna mangga maranahan sing tenget, naon bentenna sareng kahajang noe sanes-sanes,

Tjotjog. teu tjotjog, soemping dina oesoemna oerang tjarios!

**Voorstel-voorstel Tjabang Pasoendan Tasikmalaja.**

ONDERWIJS:

a. H. B. Pasoendan moegi rekest ka noe wadjib, soepados dina sasih Juli tas naekeun baroedak H. I. S. diajaan pakansi. Margina baroedak oerang teu aja pisan kaboengahanana tas samen.

Katrangan:

Bareto di H. I. S. naekkeun baroedak dina boelan Rewah rek Poeasa djadi noeroetkeun taoen Islam. Hidji taoen kelas baheula ('t Cursusjaar van vroeger) lilana 355 poë.

Ajeuna noeroetkeun taoen Masehi 365 poë.

Keur kamadjoeanana baroedak djadi aloesna ditambahan lilana diadjar. Tapi koedoe diingetkeun oge kana kasoekaan baroedak oerang. Koe sabab eta oepama tas samen sakola H. I. S. ditoetoep paling lila saminggoe atawa paling sakeudeung opat poë moal matak djadi kamoendoeran ka baroedak.

b. Klas I di H. I. S oelah displit. (gesplitst) oepami di eta tempat aja deui H. I. S. sanes.

Katrangan:

Koe atoeran klas I displit maximumna rea moerid di klas I nambahan 12 nja eta tina 48 djadi 60. Tatapi boedak noe ajeuna di klas I, diadjarna meh satengahna, beubeunanganana baroedak klas I noe henteu displit lantaran sakaj eung baroedak noe sakitoe lalemboet keneh koedoe diadjar ti poekoel 10. 15 nepi ka poekoel 1. Dina waktoe noe sakitoe panasna baroedak geus meh teu bisa diadjar. Nja boektina baroedak rea pisan noe teu naek. Oepama hidji boedak di hidji kelas geus doea taoen teu naek eta boedak koedoe dilepas. Eta boedak tatjan tangtoe teu bisa diadjar, boa eta boedak roeksak oeteuk koe lantaran diadjar lain dina waktoena.

Geuning baheula mah aja voorstel boedak klas III. H. I. S. oge, rek disina balik poekoel 11, nja eta koe lantaran sieun tjape teuing baroedak diadjar (overlading). Ari ajeuna baroedak koedoe diadjar dina waktoe noe sakitoe gorengna.

Koe ajana atoeran splitsen kaaloesanana katjida saeutikna (tambah moerid 12) tapi rea pisan kagorenganana.

c. H. B. moegi rekes deui njoehoenkeun Mulo di Tasik.

Katerangan: Di Tasik djelema-djelema resep pisan kana diadjar, tapi teu aja sakola toeloejna (voortgezette inrichting voor onderwijs). Djaba ti oerang Tasik, ti Garoet, Tjiamis oge tangtoe leuwih resep njakolakeun anakna ka Mulo Tasik batan ka Bandoeng, lantaran Tasik mah leuwih moerah. Heran Pamarentah mere subsidie ka sakola partikoelir Mulo di Bandoeng, sakitoe di eta tempat sakola Mulo Goeperemen geus aja doea.

d. Loterij anggoeun Studiefonds:

Katerangan:

Koe leungitna toelage ka baroedak sakola, baroedak oerang noe teu koeat majar, tapi boga oeteuk pikeun diadjar, teu bisa neroeskeun pangadjaranana. Koe tina eta oerang perloe ngajakeun Studiefonds.

Oepamana koedoe noengtoet majar ti ajeuna saeutik bae moal sabaraha beubeunanganana koe sabab eta koedoe ngajakeun loterij doeit oentoengna keur toelang tonggongna eta Studiefonds (stamkapitaal).

Oepama perloe babarengan djeung koempoelan sedjen ngajakeun ieu loterij.

**Financiën.**

a. Pamarentah disoehoenkeun njaboet hoofdgeld (padjeg konde).

Katerangan:

Noemoetkeun (serat kabar) laporanana toean Meyer Ranneft padjeg konde teu teu kinten karaos beuratna koe sadaja abdi-abdi, lantaran hoofdgeld narikna ngan ti djelema djelema noe keuna koe heerendienst (heerendienst plichtigen) woengkoel.


**HATOER OENINGA.**

Ka sadajana kantja-kantja miwah para mitra, wirehing dina ping 17 November 1925 poen bodjo parantos ngalahirkeun

**ANAK AWEWE**

kalawan salamet teu kirang sawios-wios.

Hoermatna kasadaja

Poen

**ODANG Prawiradiredja.**

NGAWI 17 November 1925 / 19 Silihmoeloed 1344

**ERTIJANI**

Verpleegster. Kabangsren Roemah no. 58 Gang 70 Soerabaja. Boleh dipanggil dimana-mana.

**KEMBANGGOELA HOPJES.**

JANG PALING ENAK.

Per blik isinja 400 bidji f 3,—
Boeat djoeal lagi per peti isi 4 blik à 400 bidji f 10,—
STROOP jang paling enak per fl. f 0,50
voor djoewal lagi
1 peti isi 10 fl. . . . . f 4,—
Terisi Roepa-roepa. saperti: Frambozen, Rozen Citroen, Ananas, Pisang enz

**LOTRIJ OEWANG OLYMPIADE**

Hoofdprijs f 150,000
Tariknja 1 Juni 1926
Harga Contant per lot f 11,—
Kaloe Rembours „ „ f 12,—
Harga jang diseboet diatas laen ongkos kirim.

Melingken boleh dapet pada:

**DJI GOAT BING:**

SEMARANG.

**Perloe Oeninga.**

Mangga aos mangga tjobian mangga boektikeun salamina nampi roepi-roepi padamelan panganggo pameget atanapi anggoan Maroerangkalih noe didamelna ditanggel sae sareng rapih oge kantenan di sajagikeun lawonna roepi-roepi sareng nampi kenkenan ngadangdosan roepi roepi bangsa erlodji kalajan disajagikeun saparabotna.

Diantos pisan kersa niobian sareng enggal pesen Ongkosna (pangaosna) di tanggel mirah.

Hormatna poen

**SASMITA**

Kleermakerij en Horlogemakerij merk „Malah Mandar"
Stationweg 21
TASIKMALAJA.

**SAJAGI:**

Kertas gambar, conté, driehoek, djangka, patlot gambar, mangsi gambar, kertas toelis, boekoe toelis, boekoe gambar, boekoe karadjinan, boekoe bon, boekoe notes, kertas djilid, soeoeb, kertas pos, amplop.

Mangsi hideung, paoel, woengoe, hedjo, beuroum, mangsi tjap.

Timbangan (geraman), tjet gambar, penseel pamoepoes bor, pita mesin toelis, kalam roepi-roepi.

Vulpen „Osmia", loket koelit, padoedan, peti oeang, wadah mangsi, sareng rea-rea deui.

Soehoenkeun prijscourant ka:

53 Toko Boekoe **L. A. LEZER.** Tasikmalaja.

**HATOER OENINGA!!!**

Pindah tempat woengkoel- moeng kapajoeneunana baë.

**„TOKO-EMPANG"**

Stationsweg 30C. Tasikmalaja.

Ngawitan sasih September 1925 parantos pindah ka Gedong toko noe anjar palih koelon ngarendeng sareng Hotel Batavia.

Sadjabina sajagi anoe parantos kabiasaan disajagikeun tea, ajeuna sajagi oge roepi-roepi dassie pandjang, dassie pondok, kerah, kaos kaki, kaos tangan, tali kaos, sapoetangan Pantasie, badjoe kaos djala, kamedja², paijama², topi², Petji prijaji nganggo Kroon Letter W, perak atanapi borduur. Kantjing-kantjing Letter W, perak atanapi nekkel, sajagi noe ageung sareng noe alit, sigaret sigaret, roepi-roepi pipah sareng bakoua kaloearan Europa, wadah kerekan (kajoe api) nekel model kaajeunakeun.

Sareng sanes-sanesna deui kaperloean Djoeragan-djoeragan sareng Toean-toean.

Hoermatna

**H. M. DJOEWAENIE**

**AWAS! OELAH KALIROE.**

Kantja-Kantja Awas!

**ROBAHAN PENTING**

Ditoeroenkeun Sewaan

**Emoet! Emoet! Kantja-Kantja**

**Toeloeng: Oesaha Oerang Karangnoenggal (O. O. K.)**

Saban dinten ngadjalankeun doea Autobus:

Ka I. **Karangnoenggal—Tasikmalaja,** tempatna di Karangnoenggal Omnibus Fiat.

Ka II **Tasikmalaja,—Karangnoenggal** tempatna di Tasikmalaja (Tjihideung Nagarawangi) Ford.

**WAKTOSNA:**

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| Noe ka I | miosna | ti Karangnoenggal | taboeh | 6 endjing |
| | „ | ti Tasikmalaja | „ | 1/2 2 siang |
| Noe ka II. | „ | ti Tasikmalaja | „ | 1/2 7 endjing |
| | „ | ti Karangnoenggal | „ | 11 siang. |

Ongkos-ongkos noemoetkeun Amnibus noe sanes, ditanggel mirah, mangga raosan, tjobian.

Hoermatna Bestuur O. O. K.

**SOEDJAJA**

Voorzitter,

**Dr. TAN TJOEN HAIJ**

**ARTS.**

Di Kebondjoekoet Zuid Bandoeng, tjaket tilas boemina

Djr. Dr. Saleh Marhoem.

Ngalandongan sagala roepi panjawat. Marios saban dinten.

**Waktosna.**

Endjing-endjing 7-9
Sonten 4-5

41

**Eere diploma ti Groote Tentoonstelling Tasikmalaja. 1925**

**Koek - en Banketbakkerij**

Fabriek

RADEN NATAMIHARDJA

**Stationsweg 15/17 Tasikmalaja.**

Sadjabi ti sajagi koeweh-koeweh teh disajagikeun tempat ngaleueutna noe sampoerna.

Sareng tiasa ngitjal kaperloeanana koeweh, sapertos: boemboena, klosirna sareng kembangna oge, pangaos kenging badanten.

Tiasa mangdamelkeun ijs poeter noe sajaktosna, dina 1 Liter timbangan pangaos f 2,50 doegi ka f 5— ditanggel sae.

Noe nganlos

17 **Raden Natamihardja.**

Stationsweg 15/17 Tasikmalaja

**E. SOELEIMAN**

Balong Gedeweg No. 5 Bandoeng

Ngoeroes sagala perkawis Civiel sareng Crimineel di Landraad. Residentie Gerecht. Raad Agama. Mangdamelkeun rekest sareng memoriën ka Raad van Justitie. Ongkos tiasa badanten.

Djoeragan² sareng saderek² oelah kabelokan, moal aja noe bireuk, moal enja henteu oeninga, ka Pasar baroe Tasikmalaja. Pilari bae dina roangan No. 1 Los letter B. di dinja aja waroeng GENDONG (bangkelan) anoe parantos kasohor kamirahanana sareng marodel barangna mangga soemping saban dinten oge boeka di adjeng² pisan.

Hoermatna

50 **Mh. SATIBI**

**Mangga ngalanggan Advertentie di Sip. moerah hasil maksoed**